

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1. Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Naskah Wawacan Babad Salira: Transliterasi, Purwakanti, jeung Ajén Kaagamaan”. Méthode anu dipaké dina panalungtikan nya éta méthode kualitatif kalawan ngagunakeun pamarekan déskriptif. Téhnik nu digunakeun nyaéta téhnik studi pustaka, wawancara, jeung dokuméntasi. Ieu panalungtikan medar ngeunaan transliterasi naskah, purwakanti katut papasinganana, ogé pikeun ngaguar ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina naskah Wawacan Babad Salira. Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data nu dipedar saméméhna ngeunaan transliterasi naskah, purwakanti, jeung ajén kaagamaan dina “Wawacan Babad Salira”, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

“Wawacan Babad Salira” mangrupa salah sahiji naskah Sunda nu eusina ngeunaan piwuruk jeung papagah, hususna nu patali jeung ajaran agama Islam. Eusi nu dipidangkeun lain mangrupa lalakon tapi autobiografi. Ieu naskah kandelna 81 kaca, ditulis maké aksara Pégon dina basa Sunda. Pupuh nu dipaké dina “Wawacan Babad Salira” nyaéta dangdanggula, asmarandana, sinom, jeung kinanti. Jumlah pada dina ieu wawacan nyaéta 261 pada.

Dina “Wawacan Babad Salira” kapaluruh aya 315 purwakanti nu ngawengku purwakanti pangluyu, maduswara, cakraswara, laraspurwa, larasmadya, laraswekas, mindoan kawit, mindoan wekas, margaluyu, jeung rangkepan. Purwakanti rangkepan dipaké pikeun nuduhkeun purwakanti nu mibanda ciri purwakanti leuwih ti hiji dina adegan padalisan nu sarua.. Tina éta jumlah bisa katitén yén pangarang mibanda kabeungharan kecap nu jembar. Ogé patali jeung *genre* wawacan nu wangunna mangrupa puisi.

Tina hasil analisis, aya 15 purwakanti pangluyu, 43 purwakanti maduswara, 9 purwakanti cakraswara, 11 purwakanti laraspurwa, 16 purwakanti larasmadya, 48 purwakanti laraswekas, 37 purwakanti mindoan kawit, 2 purwakanti mindoan wekas, 109 purwakanti margaluyu, jeung 25 purwakanti rangkepan. Purwakanti rangkepan dipaké pikeun nuduhkeun purwakanti nu mibanda ciri purwakanti leuwih ti hiji dina adegan padalisan nu sarua.

Anisa Yunidawati, 2018

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Ajén kaagamaan nu nyampak dina “Wawacan Babad Salira” nyaéta ajaran agama Islam kayaning akidah, syari’ah, jeung ahlak. Ajén-ajén nu kapaluruh ngeunaan akidah nyaéta: 1) sipat-sipat Allah; 2) *asma’ul husna*; 3) alam ahérat hiji hal nu nyata; jeung 4) malaikat salaku utusan Allah. Ajén nu nerangkeun perkara syari’ah nyaéta: 1) sholat; jeung 2) ibadah haji. Sedengkeun nu medar perkara ahlak dibagi jadi dua katégori nyaéta ahlak mahmudah (nu hadé) jeung ahlak mazmumah (nu goréng). Ahlak mahmudah nu dipedar nyaéta: 1) anjuran milampah sabar jeung tawekal; 2) ganjaran ngalakukeun lampah hadé; 3) anjuran tobat; jeung 4) kautamaan tumut ka indung jeung bapa. Sedengkeun ahlak mazmumah nu dipedar nyaéta: 1) larangan milampah pambrih; 2) larangan milampah dengki; 3) larangan milampah riya; 4) larangan milampah suudzon; 5) larangan jadi jalma nu adigung; 6) larangan milampah dzolim; 7) larangan milampah syirik; jeung 8) larangan milampah hubud dunya.

5.2. Implikasi

Implikasi nu dipiharep sabada ngalaksanakeun panalungtikan nyaéta ieu di handap.

- 1) Pikeun pamaréntah, ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif dina raraga ngainvéntarisir naskah-naskah wawacan nu masih kénéh mangrupa koléksi pribadi.
- 2) Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi hususna nu patali jeung ulikan filologi, sastra, sarta humanistik.
- 3) Pikeun panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun patokan sangkan panalungtikan ka hareupna leuwih nyosok jero.
- 4) Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa ngariksa kabudayaan Sunda saperti wawacan anu pinuh ku ajén-ajén luhung. Ogé méré pamahaman yén purwakanti mangrupa bagian nu penting dina kabeungharan kecap basa Sunda. Antukna masarakat bisa ngabiasakeun maké purwakanti dina waktu-waktu nu tangtu, saperti biantara, hutbah, mimpin acara (*mc*), jrd.

5.3. Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha rékoméndasi nu baris ditepikeun nyaéta ieu di handap.

Anisa Yunidawati, 2018

NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI, JEUNG AJÉN KAAGAMAAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Kahiji, panalungtikan ngeunaan transliterasi naskah “Wawacan Babad Salira” ka hareupna kudu bisa nepi ka nyusun édisi téks. Ku kituna, kudu aya panalungtikan satuluyna sangkan pangaweruh ngeunaan ieu wawacan bisa leuwih teleb.

Kadua, panalungtikan ngeunaan purwakanti dina “Wawacan Babad Salira” ngan saukur maluruh klasifikasi purwakanti tina segi sastrana. Jadi, upama diulik dina widang linguistik, panalungtikan ka hareupna bisa medar purwakanti dumasar kana pamarekan stilistika.

Katilu, ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina eusi “Wawacan Babad Salira” kudu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, sarta kudu ditatalépikeun sacara turun-tumurun ka unggal generasi.

Anisa Yunidawati, 2018

*NASKAH WAWACAN BABAD SALIRA: TRANSLITERASI, PURWAKANTI,
JEUNG AJÉN KAAGAMAAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu